


Reflechi Yon Fason Kritik Sou Teknoloji

Aprann estrateji pou reflechi yon fason ki pi kritik sou teknoloji nou itilize epi konsome.

1. Avantaj ak Enkonvenyan ki genyen nan Teknoloji

Menm si diferan teknoloji nou itilize chak jou yo gen plizyè avantaj ladan yo, yo gen ladan yo tou plizyè defi ak pwoblèm.

Fè yon lis diferan aparèy teknoloji ou itilize souvan yo. Sa a kapab telefòn ou, yon mont entelijan, yon òdinatè pòtab oswa yon sèten sit oswa aplikasyon rezo sosyal:




Kounye a, note kèk avantaj ak enkonvenyan ki genyen nan teknoloji ou itilize regilyèman yo.

Kisa ou jwenn ki atiran, benefik oswa amizan? Ki difikilte oswa pwoblèm ou genyen ki gen rapò ak teknoloji w ap itilize yo?

NYC Digital Safety

Privacy & Security



2. Reflechi Yon Fason Kritik Sou Teknoloji

Teknoloji ka gen yon sèten kantite pwoblèm nan fason diferan piblik devlope, komèsyalize epi itilize yo. Kék gwo pwoblèm yo diskite epi egzaminen plis yo gen ladan yo:

- Mank reprezentasyon divèsifye nan sektè teknoloji a epi pam moun ki devlope diferan teknoloji yo
- Pwoblèm diskriminasyon nan diferan teknoloji
- Pwoblèm konfidansyalite ak sekirite

Men kék kesyon ou ka poze sou teknoloji ou itilize yo. Lè w reflechi yon fason kritik ak teknoloji, sa ka ede w pran plis desizyon eklere sou itilizasyon teknoloji w.

Kiyès ki kreye teknoloji sa a?

- Kiyès ki kreye zouti oswa teknoloji sa a?
- Kiyès ki jere oswa envesti nan sit oswa zouti sa a?
- Ki repitasyon yo genyen?

Poukisa yo te kreye teknoloji sa a epi kisa li fè?

- Ki objektif zouti oswa sit sa a?
- Kijan sit sa a fonksyone?
- Kisa l ap mande m pou m fè?

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- Ki kantite done mwen dwe bay la a?
- Ki pratik sekirite sit sa a?

Kijan w santi w parapò ak teknoloji sa a?

- Kisa mwen espere jwenn lè m ap itilize zouti oswa teknoloji sa a?
- Poukisa mwen vle itilize sa a?
- Èske mwen santi m konfòtab pou m itilize zouti sa a?

Seleksyone kèk nan teknoloji ou itilize souvan yo epi konsidere kesyon yo deziyen anwo yo. Kisa w konenn sou teknoloji sa a? Kijan ou ka jwenn plis enfòmasyon?